# 14-январь-Ўатан қорғаўшылары күни мүнәсибети менен Қарақалпақстан медицина институтында ушырасыў болып өтти

Қарақалпақстан медицина институтында Өзбекстан Республикасы Қураллы Күшлери дүзилгенине 29 жыл толыўы, ҳәм 14-январь-«Ўатан қорғаўшылары күни» байрамы мүнәсибети менен «Ўатанды сүйиў – ең уллы пазыйлет, Мәртлер-қорғайды ўатанды!» сүрени тийкарында тараў ўәкиллери менен профессор-оқытыўшылар ҳәм студентлер қатнасында ушрасыў болып өтти.

Image not found or type unknown

Ушрасыўда усы бағдардағы үгит-нәсиятлаў илажларының әҳмийети, бул сәнениң байрам сыпатында өткерилиўи ҳәм жасларды Ўатанды сүйиў оны қәдирлеў руўхында тәрбиялаўдың әҳмийети соның менен бирге тараўда әмелге асырылып атырған реформалар менен жаңаланыўлар ҳаққында ҳаққында атап өтилди.

Илаж даўамында студентлер тәрепинен таярланған концерт бағдарламасы инәм етилди.

Image not found or type unknown

Ушрасыўға Өзбекстан Қураллы күшлери Арқа-батыс әскерий округи ҳәм Өзбекстан Республикасы Миллий гвардиясы Қарақалпақстан Республикасы бойынша басқармасынан ўәкиллер қатнасты.